# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु मन की बात कार्यक्रम क एक सौ ओन्तीसवीं कड़ी में देस आ बिदेस में रहले वाले भारतीयन से अपने मन क बाति साझा कइलें। उहां के कहलीं कि भारत येह बरिस राष्ट्रीय सुरक्षा, खेल अउर विज्ञान से ले के दुनिया क सबसे बड़हन मंच तक हर जगहि आपन मजबूत छाप छोड़ले हौ। दुइ हजार पचीस हर भारतीय के गौरवान्वित करे वाला कई क्षण दिहलस। श्री मोदी कहलें कि 'ऑपरेशन सिंदूर' येह बरिस हर भारतीय बदे गर्व क प्रतीक बनि गइल।

***आज का भारत अपनी सुरक्षा से कोई समझौता नहीं करता। 'ऑपरेशन सिंदूर' के दौरान देश के कोने–कोने से माँ भारती के प्रति प्रेम और समर्पण की तस्वीरें सामने आईं। लोगों ने अपने–अपने तरीके से अपने भाव व्यक्त किये।***

श्री मोदी वंदे मातरम क एक सौ पचासवीं सालगिरह पर लोगिन क उत्साह अउर जब्बा क प्रसंसा कइलें।

***यही जज्बा तब भी देखने को मिला, जब 'वंदे मातरम' के 150 वर्ष पूरे हुए। मैंने आपसे आग्रह किया था कि हैशटैग वंदेमातरम 150 के साथ अपने संदेश और सुझाव भेजें। देशवासियों ने इस अभियान में बढ़–चढ़कर हिस्सा लिया।***

प्रधानमंत्री कहलें कि खेलियो बदे बरिस दुइ हजार पचीस यादगार रहल। श्री मोदी विस्व चैम्पियनसिप में कई पदक जीते वाला पैरा–एथलीटनों क प्रसंसा कइलें। उहां के कहलीं कि येह बरिस विज्ञान के सथहीं कई क्षेत्रन में भारत नया उपलब्धी हासिल कइलस। प्रयागराज महाकुंभ पूरा दुनिया के चकित कइ दिहलस।

***विज्ञान और अंतरिक्ष के क्षेत्र में भी भारत ने बड़ी छलांग लगाई। शुभांशु शुक्ला पहले भारतीय बने, जो इंटरनेशनल स्पेस स्टेशन तक पहुंचे। पर्यावरण संरक्षण और वन्य–जीवों की सुरक्षा से जुड़े कई प्रयास भी 2025 की पहचान बने। भारत में चीतों की संख्या भी अब 30 से ज्यादा हो गई है। 2025 में आस्था, संस्कृति और भारत की अद्वितीय विरासत सब एक साथ दिखाई दी।***

प्रधानमंत्री कहलें कि देस नया आसा अउर नया संकल्पन के साथे दुइ हजार छब्बीस में जाये बदे तइयार हवें। श्री मोदी भरोसा जतवलें कि बरिस दुइ हजार छब्बीस विकसित भारत क लक्ष्य पवले के दिसा में एगो खास उपलब्धी साबित होई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कानून क राज्य के सबसे बड़हन ताकति बतवले हवें। उहां के कहलीं कि कानून क राज्ये ऊ आधार है, जवन प्रदेस में लोगिन के मन से असुरक्षा क भाव दूर कइले हौ आ बिस्वास क माहौल बनवले हौ। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ में आयोजित वरिष्ठ पुलिस अधिकारी सम्मेलन–दुइ हजार पचीस क पुलिस मंथन कार्यक्रम के समापन समारोह के सम्बोधित करत रहलें। मुख्यमंत्री संवाद पर जोर देत कहलें कि पुलिस क थान्हाध्यक्ष से ले के सीनियर अधिकारियन क अलगि–अलगि लोगिन के साथे संवाद करे के चाही, एहसे उन्हें धरातल पर कानून व्यवस्था के हालति क जनकारी मिली। श्री योगी थान्हा सर्किल आ पुलिस लाइन्सो में बढ़िया तालमेल पर जोर दिहलें।

**********

सर्वोच्च न्यायालय उन्नाव दुष्कर्म मामिला में प्रदेस क पूर्व विधायक कुलदीप सिंह सेंगर के दीहल गइल उमिरिकैद क सजा के निलम्बित कइले के खिलाफ केंद्रीय अन्वेषण ब्यूरो–सी.बी.आई. के याचिका पर बिहने सुनवाई करी। सेंगर के निचली अदालति येह आधार पर सजा सुनवले रहे कि ऊ 'लोक सेवक' क परिभासा के अंतर्गत आवे लें। उच्च न्यायालय येह हप्ता के सुरूआति में जमानति देत कहलस कि सेंगर क मामिला में ई नियम लागू नाहीं होला।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन में कड़ेर ठंडी पड़ि रहलि हौ आ घना कुहेसा के नाते जन–जीवन परभावित हो गइल बा। गोरखपुर के सथहीं सज्जो पूरबी जिलन में तापमान में तेजी से गिरावट दरज कइल गइल हौ। मौसम के येह रूख क परभाव सड़कि, रेल आ हवाई यातायातो पर परल बा। गाड़ियन क रफ्तार धीमा हो गइल बा, कई जगहिनि पर कुहेसा के नाते दुरघटनो क सूचना मिलि रहल हौ। जियादेतर ट्रेन अबेर से चलि रहलि हइनि। कई गो विमानन क उड़ान रद्द भइले क खबरि बा। प्रदेस सरकार की ओरि से ठंडी से राहति आ बचाव बदे कोसिस तेज कइ दीहल गइल हौ। प्रदेस क नगर विकास मंत्री ए.के. शर्मा आजु वाराणसी में ऑनलाइन जरिया से राज्य क सज्जो नगर निगम, नगर पालिका आ नगर पंचायतन के अधिकारियन के साथे समीक्षा बइठकी कइलें। बइठकी में उहां के अधिकारी लोगिन के निरदेस दिहलीं कि ऊ पूरा निस्ठा से आपन जिम्मेदारी निभावें। ठंडी के नाते कउनों गरीब, असहाय आ निराश्रित मनई परसान न होखे ई सुनिस्चित करें।

ओहर मौसम विभाग अगिला दुइ दिन खातिर बड़ेर ठंडी क धिरवनिया जारी कइले हौ। अजोध्या, सीतापुर के सथहीं तेइस जिला बदे रेट अलर्ट जारी कइले हौ।

**********